Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 32 (6664) 22 июль 2019 с. Итни ЗулкъагIида 1440 с. Багьа эркенаб


БАРКИ

## 26 июль – Дагъистаналъул Конституциялъул къо

### Дагъистаналъул халкъазул байрам

**26 июль ккола Дагъистаналъул Конституциялъул къо. Гьеб байрам щибаб соналъ кIодо гьабула тIолабго Дагъистаналъул халкъаз.**

1994 соналда къабул гьабураб цIияб Конституциялъ кьучI лъуна демократия ва жакъасеб экономика цебетIеялъе. Гьеб къабул гьабуралдаса араб 25 соналда жаниб демократиял кьучIал щула гьариялъул рахъ республикаялда гIемерго цебетIуна. Конституциялъ квербакъана гражданияб обществоялъул ихтияразулаб пачалихъалъул законал тасдикъ гьариялъул, гIемер миллатазулаб Россиялда гъорлъ гIелаз гIелазухъе кьун цебегоялдаса нахъе цIунун бугеб нилъер республикаялъул цолъи ва гьудуллъи щула гьабиялъе, рекъел цIуниялъе.

Конституциялъ Дагъистаналъул гражданазе кьун руго гIатIидал ихтиярал, гьелдаго цадахъ тIадаблъун гьабун буго Конституция, законал, гьезул кьучIалда къабул гьарурал нормативиял актал ва цогидалги нормаби цIунизе.

Жакъа республикаялъул Конституциялда рекъон, нилъеда церечIун руго щибаб хъизаналъул гIумруялъул даража борхизабиялда, пачалихъалда ва обществоялда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда хъинтIулел гIемерал социалиялгун экономикиял суалал тIуразариялъул масъалаби. РакIчIараб буго районалъул гIадамазги, РФялъул халкъазулгун гьудуллъиги цолъиги щула гьабулаго, социалияб ахIвалхIал лъикIлъизабиялъулъ лъикIал хIасилал росизе рукIиналда.

Киналго районцоязда ракIракIалъ баркула ДРялъул Конституциялъул къо. Гьарула щулияб сахлъи, талихI-рохел, рекъел, Дагъистан ва район цебетIезабиялъе гIоло гьабулеб хIалтIулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер
ХIажимурад МухIамадов**

РУХIИЯБ ГIУМРУ

## Иман бугез цIунула ВатIанги

### Бакълъулазул районалда тIобитIана диниял церехъабазул дандчIвай



**Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана мугIрузул территориалияб округалда ДРялъул Муфтияталъул ихтияр кодосев вакил ХIабиб МухIамадов, районалъул имам МухIамад МухIамадов, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев, МугIрузул территориалияб округалда «Ас-салам» газеталъул вакил МухIамаднур Ибрагьимханов, гIолилазул ва диниял ишазул рахъалъ районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайиров, Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Макашарипов, муниципалитеталда Муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев МухIамадрасул МухIамадов ва гурхIел – рахIмуялъул «Инсан» фондалъул нухмалъулев АхIмад Амагаев гIахьаллъараб дандельи.**

Гьенир гьоркьор лъуна районалъул администрациялъул нухмалъулелгун ва отделазул вакилзабигун рухIиял церехъаби цадахъ рекъон хIалтIиялъул суалал.

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас Дагъистаналъул Муфтияталъе баркала загьир гьабуна цадахъ рекъон рухIиябгун лъайкьеялъул хIалтIи гIуцIиялъе гIоло.

**Хадижат Мазгарова**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

## ХIариб лъабго бульдозер хIалтIулеб буго

### Чвахун цIадаздаса хадур нухал рукIалиде ккезарулел руго

**«Гумбетовское ДЭП №10» ОАОялъул хIалтIухъабаз, чвахун цIадаздаса хадур, республикаялъул ва бакIалъул кIваралъул нухал рукIалиде ккезарулел руго.**

Чвахун цIадал ран, иххал рахъун, гамачI- гъегъ, кIкIабатI нухабе бачIун автотранспорт хьвадизе захIматаб хIал букIана Бакълъулазул районалда. Хасаб техникаялъул кумекалдалъун гьеб идараялъул хIалтIухъабаз нухал рацIад гьаруна, гвендахарал бакIал жанир цIезаруна, чабах битIа-бишизабуна. Транспорт хIинкъи гьечIого хьвадуледухъ къачIана Хасавюрт-Кьохъ, МелъелтIа-ГъагъалЪ, МелъелтIа-Щабдухъ-ИчичIали ва цогидалги нухал.



«Гумбетовское ДЭП №10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас бицана мугIрузул нухаздасан хIинкъи гьечIого хьвадулеб хIал гIуцIун бугин, нухде бачIараб гамачI, кIкIабатI нахъе гьабунин. ХIариб участокалда дежурствоялда кидаго техника чIезабун бугин.

Район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъе туристал ва инвесторал рачIине автотранспорт хьвадулел нухазул кIудияб кIвар букIин хIисабалдеги босун, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас жиндирго хъваравуллъиялде босун буго нухазул суал.

**Хадижат Мазгарова**


НОМЕРАЛДА РУГО:



Улкаялда район рагIизабурай

-2 гьум.



Халкъияв министрасе – халкъияб шапакъат

-2 гьум.



ЛъаратIа росулъ тIобитIана «Ниж терроризмалда данде» абураб акция

-2 гьум.



Имаматалда асирлъуда моцIал рахъарав гиназ Илико Орбелианил хабар

4 гьум.

**Масала, гІакъилас гІадан теларо,**
**Тушман вугониги, гІадада хвезе.**

Инхоса ГІали-хІажи



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГЬУНАРЧАГИ

# Улкаялда район рагІизабурай

### Бакълъулазул районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас шапакъат кьуна «Киназдасаго лъикІал!» телепроекталда гІахьаллъарай Фатима ГъазихІмаевалъе

**12 июлалда Бакълъулазул районалъул администрациялда тІобитІана Россиялъул тІоцебесеб каналалда «Киназдасаго лъикІал!» телевизионнияб программаялда гІахьаллъарай Ингишо росулъа щуго сон барай Фатима ГъазихІмаевалъулгун дандчІвай.**

Данделъиялда гьединго гІахьаллъана муниципалиteталъул администациялъул бетІерасул заместитель МухІамад Хъарагишиев, районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухІамадов, Фатимал эмен ГІабдулхІамид ГъазихІмаев, гьелъул эбел Мадина Жаватханова ва цогидалги.

Дандеруссиналда районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас абуна Фатима ГъазихІмаевалда лъикІго лъалеб бугин медицинаялъул бутІа, гьелъие баркала загьир гьабуна лъималазул «Киназдасаго лъикІал!» телешоуялда гІахьаллъун муниципалитеталъе машгъурлъи щвезабуралъухъ, кьуна гьелъие хІурматалъул грамомунги гІахьаллъун кьолеб передачаялъухъ», - ян абуна ХІажимурад МухІамадовас.

«Дие бокьун буго гьи-



та ва сайгъат махщалида цее яхъаралъухъ. «Ниж рохарал руго районалда гьадинал гІакълу камилал, медицинаялдехун рокьи бугел лъимал рукІиналдаса. Фатимаца улкаялда Дагъистан машгъур гьабуна. Бакълъулалги дудаса чІухІун, рохун ралагьун рукІана телевизоралдасан тІинал лъималазул тохтурлъун яхъине», - ян абуна Фатима ГъазихІмаевалъ районалъул бетІерасулгун гарачІвариялда. ХІажимурад МухІамадовас баркала кьуна район машгъур гьабурай гьединай яс гІезаюралъухъ гьелъул эбел-инсуе.

**Макка МухІамадова**

ИСЛАМАЛЪ ГЬАВУЛА ИНСАНЛЪУН ИНСАН

# Бакълъулазул районалъул имам – Аргъваниса МухІамад МухІамадов

### Дагъистаналъул муфтиясул кумекчи Идрис Асадулаевас цІалана гьев тІамиялъул хІакъалъулъ хІукму

**Бакълъулазул районалде хІалтІулаб сапаралъ рачІана Дагъистаналъул Муфтиясул кумекчи Идрис Асадулаев ва ДРялъул Муфтияталъул МугІрузул территориалияб**



**округалда ихтияр кодосев вакил ХІабиб МухІамадов.**

Районалъул централда гьез тІобитІана муниципалитеталъул имамзабазул данделъи. Гьенир гІахьаллъана Бакълъулазул районалъул бетІерасул кумекчи МухІамад Зубайиров, Муфтияталъул лъайкьеялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев МухІамадрасул МухІамадов, гурхІел-рахІмуялъул «Инсан» фондалъул нухмалъулев АхІмад Амагаев ва цогидалги. Данделъиялда диниял церехъабаз гьоркьоб лъуна росабазул имамзабаз гьабулеб бугеб хІалтІи ва хІасилал гьаруна рухІиябгун лъайкьеялъул рахъалъ гьезул хІаракатчилъиялъул.

Хадуб муфтиясул кумекчи Идрис Асадулаевас цІалана бакълъулазул районалъул имамлъун МухІамад МухІамадов тІамиялъул хІакъалъулъ ДРялъул Муфтияталъул хІукму ва гьарана гьесие цІияб ва жавабияб гьеб хъулухъалда Аллагь разилъуледухъ хІалтІизе икъбал.

Идрис Асадулаевас районалъул имамлъун цевеккун хІалтІулев вукІарав Шамил Назировасе баркала загьир гьабуна, районалъул гІадамазе рухІиябгун лъикІаб гІамалхасияталъул тарбия кьеялъулъ лъураб кІудияб бутІаялъе гІоло.

Бакълъулазул районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас МухІамад МухІамадовасда баркана районалъул имамлъун тІами ва гьарана хІалтІулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет» РИО**

ВАТІАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО...

# Халкъияв министрасе – халкъияб шапакъат

### Генерал ГІали МухІамадов мустахІикълъана «Дагъистаналъул миллияв бахІарчи» абураб цІаралъе

**Машгъурав пачалихъияв хІаракатчи, ДРялъул жанисел ишазул министрлъун хІалтІулев вукІарав, отставкаялда вугев генерал – майор, Бакълъулазул районалъул ТІад Инхо росулъа ГІали МухІамадовасе кьуна жамгІияб шапакъат – «Дагъистаналъул миллияв бахІарчи» меседил цІва.**

ГІали МухІамадов гьавуна 1949 соналъ ТІад Инхо росулъ. ЛъугІизаруна Дагъистаналъул пачалихъияб педагогическияб институт ва СССРалъул КГБялъул тІадегІанал курсал. Хъулухъ гьабуна СССРалъул яргъилал къуватазда, хІалтІана Гъоркь Инхо гьоркьохъеб школалда мугІалимлъун, ВЛКСмалъул райкомалъул кІиабилев секретарьлъун. 1976 – 2008 соназ Россиялъул хІинкъи гьечІолъи цІуниялъул федералияб хъулухъалда хІалтІана.

Гьединго хІалтІана ДРялъул президентасул гІакълучилъун – республикаялъул терроризмалда дандечІараб комиссиялъул жавабияв секретарьлъун, Дагъистаналъул хІинкъи гьечІолъиялъул Советалъул секретарьлъун, Хасавюрталъул ФСБялъул отделалъул нухмалъулевлъун, Дагъистаналъул УФСБялъул нухмалъулесул заместительлъун, 2008 соналъ ГІали МухІамадовас нухмалъи гьабуна республикаялъул



хІинкъи гьечІолъиялъул Советалъе, гьебго заманалда ФСБялъул кадрабазул резервалдаги лъун. 2009 соналъул 16 июлалдаса 2010 соналъул 11 августалде щвезегІан ДРялъул жанисел ишазул министрасул хъулухъ тІубазабуна.

ГІали МухІамадовасе щвана чанго медаль, ФСБялъул каранда ралел гІаламатал. Бакълъулазул районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас ГІали МухІамадовасда баркана шапакъат ва гьарана гьесие кинабго лъикІабщинаб.

**«Гумбет» РИО**

АНТИТЕРРОР

# ЛъаратІа росулъ тІобитІана «Ниж терроризмалда данде» абураб акция

**Бакълъулазул районалъул ЛъаратІа росулъ гІолилазда гьоркьоб тІобитІана «Ниж терроризмалда данде» абураб акция. Акциялъул мурадлъун букІана терроризмалъул хІинкъи, гьелъул мурадал, политика гІолеб гІелалда бичІчІинаби.**

Лъарал рагІалда бугеб футбол хІалеб байданалда тІобитІана дандеруссин ЛъаратІа росдал маданиябгун хІухьбахъиялъул централъул ва бибиотекаялъул хІалтІухъабаз. ГІадамазул гІумруялъе хІинкъи гьечІеб хІал букІинабизе ккани, терроризмалда данде кьеркьей гьоркьоса къотІичІого гІуцІизе ккеялъул, теракталъул заманалда гьаризе кколел тадбиразул бицана Россиялъул халкъазул гІадатияб маданияталъул ЛъаратІа централъул нухмалъулей Бика ГъазихІмаевалъ.

**«Гумбет» РИО**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧІОНИ, ЧІУНТУЛА ДУНЯЛ

# Щабдухъ росулъ сахаватчи ХІамид МухІамадовас лъималазул байдан гьабуна

**«Группа компаний» «Гамма» ОООялъул нухалъулев ХІамид МухІамадовас Щабдухъ росулъ рагьана лъималазул байдан.**

калъухъ ва магІарухъ яшав гьабулезул хІажалъабазде кІвар буссинабуралъухъ.

2018 соналъги МухІамадовас гІахьаллъи гьабун букІана



Росулъе рехана лъимал хІазе батІи-батІиб инвентарь. «Сельсовет "Цунди-Щабдухский"» росдал поселениялъул вакилзабаз баркала загьир гьабуна сахаватчи ХІамид МухІамадовасе, гьабураб гурхІел-рахІмуялъулаб кумекалъухъ ва магІарухъ яшав гьабулезул хІажалъабазде кІвар буссинабуралъухъ.

«Нусго школа» республикаялъулаб программа гІумруялде бахъинабиялъулъ – гьес къайимлъи гьабуна МелъелтІа Сахрат Каримовасул цІаралда бугеб аслияб школалъе капиталияб ремонт гьабиялъе.

**«Гумбет» РИО**

БУХУЛЕБ БУГО ЦIИМУР

# 163 цIалдохъанас ОГЭ кьуна

### ЕГЭялъул ва ОГЭялъул хIасилал

**«Гумбет» басмаялъул хIалтIухъан дандчIвана районалъул лъайкьеялъул, физический культураялъул ва спорталъул отделалъул аслияв махщалилав, ЕГЭ тIобитIиялъул рахъалъ жавабияв Сурхай Сурхаевгун ва кьуна чанго суал.**

**- Сурхай, районалда цогояб начализхъиял ва аслиял начализхъиял экзаменал чан чияс кьурал? Гьелъул хIасилал кинал ккарал?**

- Исана цогояб начализхъияб экзамен 52 ва аслияб начализхъияб экзамен 164 цIалдохъанас кьуна. Абизе бегьула экзаменазул хIасилал квешал ккечIин. 52 выпускникасда гьоркьоса 4 цIалдохъанасда экзамен кьезе кIвечIо: ЧIиркьатIа гьоркьохъеб школалдаса кIиго, ЦIилик гьоркьохъеб школалдаса цо, Игьали гьоркьохъеб школалдаса цо. Гьел выпускниказе аттестатал щоларо. Гьезул ихтияр буго гьаб соналъул сентябрь моцIалда цIидасан экзамен кьезе.

164 цIалдохъанасда гьоркьоса аслияб лъай щваразул цо цIалдохъанасда (ЧIиркьатIа гьоркьохъеб школалдаса) бажаричIо гIурус мацIалъул экзамен кьун.

Выпускниказ гIурус мацIалъул, хIисаб гIелмуялъул предметалде тIадеги, тIаса рищана обществознание 32, тарихалъул 2, химиялъул 12, физикаялъул 3, экологиялъул 14, кьватIисел мацIазул цо цIалдохъанас. ТIаса рищарал предметазулги хIасилал лъикIал ккана.

**- Медалалда гьоркьохъеб школа лъугIарал выпускникал ругищ?**

- ЦIалулъ бихьизабураб тIокIлъиялъе ва ЕГЭ лъикIал хIасилазда кьеялъе гIоло районалда 4 выпускникасе медаль щвана. Гьел ккола МелъелтIа гьоркьохъеб школалдаса Ислам ГIабдурахIмановал, Шарудин СагIидов, Хадижат МухIамадова, ЧIиркьатIа гьоркохъеб школалдаса Жамиля МухIамадова, ракI-ракIалъ баркула гьезда щвараб шапакьат.

**- Экзаменал кьолаго гIадлу хвезабиялъул хIужа канищ?**

- Экзаменазул заманалда гIадлу-низам хвезабиялъул хIужа ккечIо. ГIадлу цIунун, гьел тартибалда тIоритIизе рачIун рукIана начализхъияб экзаменационнияб комиссиялъул вакилзаби ва ТIолгороссиялъул экзаменазда хадуб халкколел волонтерал. Гьединго ракIбацIцIадго хIалтIана, экзаменазул заманалда, 34 гIуцIарухъан, экзаменал тIоритIулеб пунктальул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев, техническиял нухмалъулел МуртазагIали Валиев, Рамазан КъурамухIамадов.

**ГIайшат Исламбиева**

МАДУГЪАЛИХЪ ГЬУИН РУКIА...

# Цадахъаб хIаракат гьоркьоб лъуна

### Унсоколо районалда тIобитIана маданиял ва библиотекабазул хIалтIухъабазул дандчIвай

**Бакълъулазул районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановасул бетIерлъиялда маданиял ва библиотекабазул хIалтIухъаби ун рукIана Унсоколо районалде ва дандчIвана жидерго пишацоялгун.**



ДандчIваялда гьединго гIахьаллъана районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибиров, лъималазул школа-искусствоялъул нухмалъулев ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов, централияб библиотекаялъул нухмалъулев Халид Халидов ва цогидалги.

Гьалбадерида дандчIвай гьабуна ва саламалъулал рагIаби абуна Унсоколо районалъул бетIер ГIиса НурмухIамадовас, гьесул заместителал Муи ХIасановалъ ва МухIамад ХIамзатовас, культураялъул отделалъул нухмалъулев ГIали ГIабдулаевас ва маданиял хIалтIухъабаз.

ДандчIвай байбихьана мемориалияб хъарциялда цере тIугьдул лъеялдасан. КIиябго районалъул культураялъул хIалтIухъабазе маданиябгун лъайкьеялъул хIалтIи, музеялъул ишал, росдал туризм цебетIезабиялъе хIалбихьи щвана, гьоркьор лъуна библиотекабазул хIалтIул суалалги. Унсоколо районалъул маданиял хIалтIухъабаз ахIана кучIдул. Кьуна цоцазе ракIалде щвеялъул сайгъатал. Гьединалго дандчIваял хадурккунги гIуцIизе хIисабалде росана.

**«Гумбет» РИО**

ГЬОБОЛ ВОКЬУЛАРЕСУЛ БОКЬОБЕ ГIАЗУ БАГИ

# Югалъул Кореялдаса туристал – Бакълъулазул районалда

### Нужер гьаниб пиринчI бекьулищилан гьикъана гьез

**Югалъул Кореялдаса туристал рачIана Бакълъулазул районалде, гьел щвана муниципалитеталъул тарихиял, тIабигIиял памятниказде. Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул тарихиябгун краеведениялъул музеялда рикIкIад бугеб улкаялдаса туристазда рихьизаруна магIарулаз цере росдал магIишаталъул хIалтIи гьабизе пайда босулел рукIарал тIагIелал.**



Музеялъул хIалтIухъан Сапият ХIажимурадовалъ гьалбал рачана музеялде, рихьизаруна цересел умумузул рукIарахъиналъул, гIадатазул баянал загьир гьарулел экспонатал.

Югалъул Кореялдаса гьалбадерица музеялъул тIагIалабазулгун гьираялда лъай-хъвай гьабуна ва разиго хутIана Гумбеталде рачIиналдаса.

Бакълъулазул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас кIудияб кIвар кьолеб буго гIагараб ракь машгьур гьабиялде, туризм цебетIезабиялде. Районалда рагьун руго туристлъиялъул маршрутал, гьалбадерил рукъзал, туристал рачуна интересал бакIазде.

**«Гумбет» РИО**

РОСДАЛ МАГIИШАТ

# 804 тонна тIощалил, 4320 тонна харил

**Бакълъулазул районалъул Бабаюрталъул зоналда ругел росдал магIишаталъул кооперативаз хъутабазда 568 гектаралда хасалил культураби рекьун рукIана. 11 июлалде районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалда ругел баяназда рекъон, 503 гектаралдаса 804 тонна тIощалил бакIарун буго. Гьеб ккола гьоркьохъеб хIисабалда цо гектаралдаса 16 центнер.**

Щибаб гектаралдаса «Тляратинский», «Арадирихский» СПКязе, Аргъвани Шамилил цIаралда бугеб СПКялъе 18,8, «Цундинский», «Мехельтинский» СПКязе 10 центнер хIалухъадул щолеб буго.

СПКяз ва гIадамаз жалго бетIергьанаб гIи-боцIуе хIадурун буго 4320 тонна харил. Гьелдасан «Мехельтинский» СПКялъ 700, Аргъвани Шамилил цIаралда бугеб, «Щабдухский», «Цундинский» СПКяз 300, «Ингишинский» СПКялъ 230, «Тляратинский» СПКялъ 180, «Арадирихский» СПКялъ 120, «Данухский» СПКялъ 100 тонна.

Гьединго бакIарун буго 262 гектаралдаса 2043 тонна курак. Цо гектар хIисаб гьабун гьеб ккола 78 центнер.

**ГIайшат Исламбиева**

ТАРИХИЯЛ ДАРСАЛ

# Аргъваниб ва АхIулгохIда рагъал ккаралдаса – 180 сон

### Бакълъулазул жамагIат алжан босзе къачIана

**Исана риидал 180 сон тIубала Аргъванир ва АхIулгохIда дунялго хIикмат гьарурал рагъал ккаралдаса. Эркенлъиялъе гIоло, диналъе гIоло ва ВатIаналъе гIоло магIарулаз гьабураб ритIухъаб кьеркьей букIана гьеб.**

**Гьанже тушбабаз росу, жаниб цIа лъун, бухIула, Жиндирго богун имам АхIулгохIде вуссуна**

«ТуманкIуе цIакъал бакълъулал рачун», «чотIасан рагъулел бакълъулал рачун», – гьединал сипатал гьарулел руго халкъиял назмабазулъ бакълъулазе (гьанжесеб Гумбет районалъул гIадамазе). «Шамил хун хадуб гьабураб» къасидаталда генерал Воронцовасул чабхъеналъул хIакъалъулъ ЧIикIаса МухIамадица хъвалеб буго: «Воронцовасул боял тIаде щвей якъинлъидал, Бакълъулазул жамагIат алжан босзе къачIана».

«МелъелтIа КъабгIа ХIосен, Кьохъа РашидхIажияв, ТIубаларин нуж ракьулъ, рахъа гьанже кьватIире…ИчичIалиса Кьади, ГIавухъалъа Гьойтемир, НахъбакIалъа Гьайирбег, нужер хвалчен бекидал, Чехь кIудиял гIулбуца ккун анин имам Шамил. Аргъвани Шамхалкъади, цинги Абакардибир. Даргъиб ГьоцIомухIума, кIвечIищ яхI бахъизего» (ГьаракIуниса ГIандиял ГIашатил ГIусман, «Гъуниб бахъи»).

«Имамасул бодаса тIаса вищун вачарав, Чанги мунапикъасда михир бачарав лачен МелъелтIаса Батирбег Табасаранalъ хварав…НахъбакIалъа Гьайирбег, Аргъваниса Абакар, Аб дуниял тун индал, хараблъана дин-ислам…ИчичIалиса Кьади, Кьарахъа НурмухIамад, Къудукь МухIамад-хIажи хIажатал руго жакъа… Инхоса СагIид наиб, НурмухIамадапанди, Ислам хараблъун бугин, хвалчаби кьватIире цIай. Хайбар бахъулев ГIали, боял гьурулеб гьалбацI Балгьатив шагьидлъарав тулпар Данухъа ГьитIин. Гьелгощинал бахIарзал, бода цIар арал васал, Росабалъа камидал, капурлъи бергьинарищ?

**(Ахир-ункъабилеб гьум.)**

# Аргъваниб ва АхIулгохIда рагъал ккаралдаса – 180 сон

**(Байбихьи-лъабабилеб гьум.)**
Балагьун тушман холел, туманкIуе лебалал, Анкьазарго чи вугин гьаниса дица цIалун» (Игьалиса Чупалав, «БахIарзабазде шигIру»).

«Исламияб рукьалъул Рагьу щула гьабизе Шамил жиндир аскаргун Аргъванице вортула. Тушбабаз бугеб гьури Гьениб буссинабула, Росу сверун цеп тIамун, ТIаде гIарада бала. Гьезда данде жаваб кьун, Жанисан рагъ гьабула, Жидерго намус цIунун, Росуги хIалай чIола. Гьанже ункъабго рахьалъ Къуват жаниб рехула, Мехтизе гьабун солдат Халкъалда тIаде гьола. Хвалчабигун лъугьун аз ЛъабцIул къватIир кьотIула, КъвекIаб цIум гьорлъ речIчIидал Гьудул гIадин, хьамула… Гьанже тушбабаз росу, жаниб цIа лъун, бухIула, Жиндирго богун имам АхIулгохIде вуссуна» (ЦIадаса ХIамзат, «Шамил» поэма).

### Тушманасул ракIалдещвеял

Тарихиял лъугьа-бахьиназул хIакъалъулъ баянал цвезе ккани, гIемерал батIи-батIиял къагIидаби хIалтIизарула. Бищунго мухIканал баяналлъун рикIкIуна археологиял хIужаби. Масала, щегIалдалъун чIезабун бажарула гьеб батараб чIелалъул ригь. ТарихчагIаз пайда босула хъвайхъвагIаяздасанги. Рагъ-кьал ккарал улкаби ругони, кIиязго хIаракат бахъула жидер рахъ лъикIаб куцалда бихьизабизе. Гьединал «гIузраби» камичIо «тарихалъул эмен» Геродотилги, некIсиял румазул тарихчи Плутархилги, цогидазулги.



«Гумбет» казияталда бахъулеб буго тIоцебе авар мацIалда къватIибе кьолеб 1842 соналда Имаматалда асирлъуда вукIарав гиназ Илико Орбелианил хабар.

Гиназ Илико Зура́бович Джамбакуриан-Орбелиа́ни (гIурус къагIидаялда – Илья́ Дми́триевич Орбелиани (1818 –1853) – гIурус аскаралъул генерал-майор, чIвана Хьирималъул рагъда.

1842 соналда Гъазигъумекив дагъистаниязда данде вагъулев вукIарав гьев асир гьавула ва, цогидал асиралгун цадахъ, Гъумекиса Даргъове вачуна. Жиндирого сапаралъул ва асирлъиялъул хIакъалъулъ хъвалаго, гьесухъа рорчIун руго дагъистанияздехун рокьукъал рагIабиги, хабаралда жанир руго тарихиял гьалатIалги, цоги данде кколарел бакIалги.

Амма, гIаммго босани, «Гумбет» цIалулел, гIакъилал, пикру бугел магIарулазе гьаб ракIалдещвеялъ доб заман цебе чIезабизе кумек гьабилилан хьул буго. XIX гIасруялда Кавказалда нилъер халкъалъул букIараб къадруги, тушбаби нилъекьа хIинкъулел рукIараб куцги, гьезцин нилъер гьабулеб букIараб къиматги бихьараб мехалъ, гьанжесел магIарулал тIубанго батIиял рукIин бичIчIула. Рагъул заманалда къанунал кваралал рукIуна. Росаби рухIизе ва гIадамал чIвазе рачIарал чияр аскариязе тамихI гьабичIого толеб гIадатги гьечIо дунялалъул тарихалда жаниб.

Кин бугониги, тарихалъул дарсал лъан рукIине, бахъулеб буго гьаб хабар. Гьаб цIалулаго, кIочене бегьуларо хабар Имаматалъул тушманас хъвараб букIин ва «Гумбеталъул» редколлегиялъул пикру гьелда жаниб гьечIольи.

**ГIизудинил ХIамзат**

ШАМИЛ ИМАМАСУЛ АСИРАЛ

# Имаматалда асирлъуда моцIал рахъарав гиназ Илико Орбелианил хабар

### Гъазигъумекир кверде роси

**…Нижер къайиялда аскIор хьаравулзабиги тун, гьез ниж рачана (Гъазигъумекир хьулухъ гьабулел рукIарал дунги, Апшерональул лъелаб полкалъул цо подполконики, цо прапорщикги) Шамилихъе. Гьев жанив чIараб минаялда цебе гIемераб халкъ бакIарун букIана. Ниж гIагарлъидал, гьеб руккелалъ кIудияб гьаракьалдалъун ахIана:**

– Насраниязул болъонал рачун рачIунел руго! – ян.

Гьел рагIабазда цадахъ нижеда хьамиги рагIулеб букIана. Гьедин къабул гьариялъул хIасил лъикIаб букIунареблъи якъинаб букIана. Ниж рачIиналъул баян Шамилихъе щвезабун хадуб ниж рокьоре рачана, гьениса къватIиве чIаго ворчIилилан хиялцин букIинчIо дир. Сверухъ валагьана дун: ахирисеб нухалда бакъуде ва дир кини кIикIарал рикIкIадал мугIрузде бер щвезабизе бокьун букIана.

Бурундук-хъалаялда лъалхъараб бакIалда диргун кьомех лъикI гьабулаго, гьудулзабаз дида абун букIана:

– Георгийил хьанч босичIого, тIадвуссунге,– ян.

ГьабсагIат гьел рагIаби ракIалде рачIана дида.

«У, – абун пикру гьабуна дица, хьанч цоясул каранда бала, цогидасда хьанч хабада чIвала, дие гьезул цониги-яб щвеларо!» – Ва лъачIого тIуркIана дун.

### Шамилида цере

Шамилил муридзабаз цIураб гIезегIан кIудияб рокъоре рачана ниж; хадур рачана цогидаб рокъоре, гьенив гьев живгоги вугоан, жиндирго рагъухъабазда ва гъазигъумекдерил хIурматиял вакилзабазда гьорлъ. Гьесдаса кваранидехун ва квегIидехун гIодор чIун рукIана наибзаби: Къебед-МухIаммад, гIандадерил къади, Къарахъа ГIабдурахIман-Дибир ва хиянатчи ХIажи-агъа, гъазигъумекдерил кверщелчиясул вац (Шамил Гъазигъумекиве ахIана гьес). Шамилида нахъа, гьединго нуцIбузда аскIор ва цогидаб рокъор рахъун чIун рукIана гьесул муридзаби (150-гIан чи), киналго рокъукъал, жанаваразул гIадал гьурмалгун, лъалинаса рахъарал хвалчабигун ва хунжрулгун, тIасиялде гIанкIваби рахинарурал тунчулгун ва тункIалгун. Лезгинал берцинал чагIи гьечIо; гIалхулаб, хьачIаб гьумер сунцаниги тамах гьабуларо, гьелъ чиясул ракI тIаде цIаларо; гьединлъидалги жеги цебе рехун бихьулеб букIана гьезул цевехьанасул, Шамилил сипат. Гьайбатаб, къамартIаб, хьахIаб гьумер, гъваридаб гIакълу ва рухIияб къуват рихьизарулел хьахIилал яги цIахIилал (?) берал; хьахIал цаби цере рехулеб гьимиялъ гьесул рекIел лъикIлъиялъул бицунеб букIана, багIараб хинаялъ бельараб мегежги гьесда рекъон бугоан.



Гьоркьохъелдаса халатаб черхги букIана гьесул, гьункараб, гьайбатаб; гьединго гьесул букIана чIагояб ва бихьинчияб вагъа-вакари ва, гьесухъ ралагьидал, гьесул 35 сон бугилан кколеб букIана, хIакъикъаталдайин абуни гьев гIезегIан кIудияб ригьалъул чи кколаан. ТIоцеве дида гьев вихьарабго, гьесда букIана лъикIаб ретIел ва ярагъ, гьеб киналъго гьесул бихьинчияб къо-асс жеги борхизабулеб, тIадегIан гьабулеб букIана. Гьесул ботIрода букIана багIараб ххамил гьабураб ва хьахIаб чалма къараб чергес тIагъур. Гьединго гьесда ретIун букIана багIараб ххамил чухъа, чухъида рукIана гIарцул гьарурал патронал лъолел жал, гьажибетIералда бан букIана хвалчен, рачлихъ ран рукIана ханжар ва кIиго таманча. Гьединав вуго Шамил.

– Гьале Имамул-АгIзам! – абун щурана нижеда муридзабаз, Шамилихъе нижги рачунаго. Гьев нижехъ валагьана хиси гьечIеб жиндирго гьимигун, амма цониги рагIи абулеб букIинчIо гьес. Халатаб руцIцIунчIеялъ ва сверун бакIарараб руккелалъул кинабго жо лъазе бокьарал бераз чIамучIлъизарурав дица абуна:

– Шамил! Нижерго борч тIубалаго, ниж асирлъуде росана ва духъе ккана; гьанже ниж дур кверщаликь руго. Щиб дуе бокьун бугеб? Нижеда щиб гьабизе дуда ракIалда бугеб? Нижер къисматалъе хIукму кьотIе, лъазабе нижеда щиб нижехъ балагьун чIун бугебали: хвел, асирлъи яги эркенлъи?

Гьединабго калам гьабуна прапорщикасги.

– Болжал щварабго лъазе буго нужеда дир хIукму, – ян абуна Шамилица нижеда. – ГьабсагIат дир заман гьечIо,– йиланги абун, гьес квер хьвагIана ва ниж нахъе рачеян ва цогидаб рокъор тIамеян буюрана. ХIакъикъаталдаги, гьесухъе рачIине рукIана ГIахъушиса ва ЦIадахIариса бальгоял вакилзаби; гьелда тIадеги, гьоркьлъалие аманатал тIаса рищизе кколаан, гьединго цIияб ракьалда шаригIат ва тIарикъат тIиритIизаризе хIажатал амраби гьаризе кколаан гьес.

**Таржама гьабуна ГIизудинил ХIамзатица**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.